



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Kemul Bathik Tambal

Selimut Batik Tambal

Penulis : Saptorini

Ilustrator : Banuarli Ambardi



C



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

Kemul Bathik Tambal Selimut Batik Tambal

Penulis : Saptorini

Ilustrator : Banuarli Ambardi

Penyunting : Mulyanto

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

KEMUL BATHIK TAMBAL (SELIMUT BATIK TAMBAL)

Penulis : Saptorini
Ilustrator : Banuarli Ambardi
Penerjemah : Saptorini
Penyunting : Mulyanto
Penata Letak : Husnul Latif

Penerbit
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-623-112-561-3(PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic
ii, 32 hlm., 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Kawit mlebu sanggar tari, Mbak Witri arang bisa dolanan bareng karo aku. Mulih sekolah, Mbak Witri mesthi age-age menyang sanggar.

Dina iki Mbak Witri arep ngajari aku gawe kembang saka plastik. Kabeh ubarampe wis dakcepakake.

“Lho, jare arep ngajari aku gawe kembang?”

“Iya, mengko. Selak telat neng sanggar.” Mbak Witri nggulung sampur terus dilebokake tas.

Sejak masuk sanggar tari, Mbak Witri jarang bisa bermain denganku. Pulang sekolah, Mbak Witri pasti cepat-cepat ke sanggar.

Hari ini Mbak Witri akan mengajariku membuat bunga dari plastik. Semua perlengkapan sudah kusiapkan.

“Lo, katanya mau mengajari aku membuat bunga?” tanyaku.

“Iya, nanti. Keburu telat ke sanggar.” Mbak Witri melipat kain sampur lalu memasukkannya ke dalam tas.



Aku isih arep protes, nanging Mbak Witri wis mancal pit cepet-cepet. Aku eling, Mbak Witri arep melu lomba tari. Mulane, dheweke sangsaya sregep latihan.

Beda karo Mbak Witri, aku ora pinter nari babar blas. Sikilku mesthi kesrimpet sampur, tanganku kaku, guluku ya ora luwes kaya Mbak Witri. Apa maneh yen jinjit karo mubeng, aku mesthi nggluyuri.

Aku sedhih amarga ora bisa nari kaya Mbak Witri.

Aku masih ingin protes, tetapi Mbak Witri sudah mengayuh sepeda cepat-cepat. Mbak Witri akan ikut lomba tari. Karena itulah, dia semakin rajin latihan.

Berbeda dengan Mbak Witri, aku tidak bisa menari sama sekali. Kakiku selalu tersangkut kain sampur, tanganku kaku, leherku juga tidak lentur seperti Mbak Witri. Apalagi kalau harus berputar dengan kaki berjinjit. Aku pasti oleng lalu jatuh.

Aku jadi sedih karena tidak bisa menari seperti Mbak Witri.



Amarga bosen dolanan dhewe, aku kerep dolan ing daleme Simbah Putri. Aku seneng ngancani Simbah mbathik.

Suwe-suwe aku dadi pengin ajar mbathik. Wiwitane akunyobambathik ing kain cilik. Saiki aku wis luwes nyekel canthing. Aku ya wis entuk ngiseni, ora mung nglowong.

Karena bosan bermain sendiri, aku jadi sering bermain di rumah Simbah putri. Aku senang menemani Simbah mbatik.

Lama-kelamaan, aku jadi ingin belajar mbatik. Awalnya aku mencoba mbatik di kain perca. Sekarang aku sudah mulai terampil memegang canting.

Aku juga sudah boleh ngiseni, tidak hanya nglowong.

“Niki motif napa, Mbah?” pitakonku wektu Simbah nggelar salemba kain putih ing gawangan kayu. Aku durung tau ngerti motif iki,

“Iki motif tambal,” Simbah nyebut pucuk canthing, banjur nglowong.

“Lo, kok, kados rok kula. Menawi suwek, rok kula ditambal ibu,” aku matur karo ngguyu.

“Mengko dadine kaya tambalan, nanging apik, je,” ngendikane Simbah.

“Ini motif apa, Mbah?” tanyaku saat Simbah meletakkan selembar kain putih ke gawangan kayu. Aku belum pernah tahu motif ini.

“Ini motif tambal.” Simbah meniup ujung canting lalu *nglowong*.

“Lo, kok, seperti rok Runa. Kalau sobek ditambal Ibu.” Aku tertawa terpingkal-pingkal.

“Iya, nanti jadinya seperti tambalan, tetapi bagus, kok,” kata Simbah.

“Sabene segitiga motifipun benten, nggih, Mbah?” Aku gumun karo motif anyar iki.

Simbah manthuk, banjur nyendhok malam sing umob nganggo canthing. “Bebas diisi motif apa wae . Bisa parang, truntum, kawung, utawa liyane.”

Simbah ngendika menawa bathik tambal biasane kanggo kemul wong sing lagi lara.

“Namung kemulan saget mantun, Mbah?” pitakonku.

“Ya, ora mung dikemuli. Nganggo donga lan ditambahi liyane uga.”

Aku manthuk-manthuk.

“Tiap segitiga motifnya berbeda, ya, Mbah?” Aku terheran-heran dengan motif baru ini.

Simbah mengangguk lalu menyendok malam yang mendidih dengan cacing. “Bebas diisi motif apa saja. Bisa parang, truntum, kawung, atau yang lain.”

Simbah lalu mengatakan kalau jarik batik tambal biasanya dipakai untuk selimut orang yang sedang sakit.

“Cuma pakai selimut bisa sembuh, Mbah?” tanyaku.

“Ya, nggak hanya diselimuti. Didoakan dan diobati yang lain juga.”

Aku mengangguk-angguk.

“Kowe pengin ajar ngiseni iki?”

Wah, simbah mesthi ngerti yen aku pancen pengin nyoba.

“Mangke menawi salah priapun, Mbah?” pitakonku kanthi ati sumelang.

“Salah, ya, dibenerake, ta!” ngendikane Simbah karo gumujeng.

Ngiseni bathik tambal ora bisa cepet lan kudu ati-ati. Nanging, aku ora entuk delah, kaya tegese motif parang sing dakisekake saiki. Motif parang bentuke kaya aksara S sing tegese ‘samudra’. Aku kudu semangat terus kaya ombak samudra.

“Kamu ingin belajar *ngiseni* ini?”

Wah, Simbah pasti tahu kalau aku memang ingin mencoba. “Nanti kalau salah bagaimana, Mbah?” tanyaku khawatir.

“Salah, ya, diperbaiki,” kata Simbah sambil tertawa.

Ngiseni batik tambal tidak bisa cepat dan harus hati-hati. Namun, aku tak boleh menyerah, seperti arti motif parang yang aku isikan sekarang.

Motif parang bentuknya seperti huruf S, yang artinya samudera. Aku harus terus bersemangat seperti samudera.

Wis rong minggu
aku ngrewangi Simbah
ngrampungake bathik
tambal.

“Leren dhisik yen kesel!”
ngendikane Simbah wektu
aku sambat pegel.

Nanging, aku pengin
gelis weruh hasile. Proses
isih dawa lan suwe. Kain
sing wis rampung dibathik
isih kudu diproses maneh.
Mulane kuwi, ben gelis
weruh hasile, aku sangsaya
sregep. Saben mulih sekolah
aku age-age menyang
daleme Simbah.

Nggarap bathik tulis
saka wiwitan nganti
rampung iku ana rolas
urutan, lo. Nyungging,
njaplak, nglowong, ngiseni,
nyolet, mopok, nembok,
ngelir, nglorod, ngrentesi,
nyumri, banjur nglorod
maneh.

Sudah dua minggu,
aku membantu Simbah
menyelesaikan batik
tambal.

“Istirahat dulu kalau
capai,” kata Simbah saat
aku mengeluh pegal.

Namun, aku ingin
segera tahu hasilnya.
Prosesnya masih panjang
dan lama. Kain yang sudah
selesai dibatik masih harus
diproses lagi. Karena itulah,
agar bisa segera melihat
hasilnya, aku semakin rajin.
Pulang sekolah aku segera
ke rumah Simbah.

Mengerjakan batik tulis
dari awal sampai selesai ada
12 tahapan, lo. *Nyungging,*
njaplak, nglowong, ngiseni,
nyolet, mopok, nembok,
ngelir, nglorod, ngrentesi,
nyumri, nglorod lagi.

Dina iki aku seneng banget. Ngendikane Simbah, bathik tambal wis dadi.

Nanging, awan iki awakku rasane ora kepenak. Krongkonganku perih. Simbah ndhawuhi aku teturon lan ngombe wedang rempah.

“Mengko ben dipethuk bapakmu,” ngendikane Simbah karo ngemuli aku.

“Nggih,” wangsulanku karo merem amarga mripatku rasane panas. Kemule krasa adem lan ambune wangi.

Hari ini aku senang sekali. Kata Simbah, batik tambal sudah jadi.

Namun, siang ini badanku rasanya tidak nyaman. Tenggorokanku perih. Simbah menyuruhku tiduran dan minum *wedang rempah*.

“Nanti biar dijemput bapakmu,” kata Simbah sambil menyelimutiku.

“Iya, Mbah,” jawabku tanpa membuka mata karena rasanya panas. Selimut terasa sejuk dan baunya harum.

Aku turu angler nganti ora ngerti yen Bapak wis rawuh.

“Apa sing mbok rasakake?” pitakone Bapak karo ndemok bathukku. “Sokur wis adhem. Ngendikane Simbah, awakmu mau panas.”

“Niki sakit, cekit-cekit,” aturku karo nudingi krongkongan.

Bapak banjur ngajak aku mulih.

Aku tidur pulas sampai-sampai tidak tahu kalau Bapak sudah datang.

“Apa yang kamu rasakan?” tanya Bapak sambil menyentuh dahiku. “Syukur sudah tidak panas. Kata Simbah, tadi kamu demam.”

“Ini rasanya nyeri,” kataku sambil menunjuk tenggorokan.

Bapak lalu mengajakku pulang.

“Iki kemule digawa!”
ngendikane Simbah.

“Lo, niki kados jarik bathik tambal,” tembungku karo nyawang jarik sing dadi kemulku.

“Iya, Simbah rak wis ngendika yen dina iki dadi. Iki kanggo kowe. Dirawat sing apik, ya!” Simbah nglempit jarik trus diparingake aku.

Wah, bungah banget atiku diparingi bathik Simbah. Ngendikane Simbah katone bener. Awakku saiki wis rada penak bareng kemulan jarik tambal.

“Selimutnya dibawa,”
kata Simbah.

“Lo, ini seperti jarik batik motif tambal?” tanyaku sambil memperhatikan kain yang jadi selimutku.

“Iya, Simbah, kan, sudah bilang kalau hari ini jadi. Simbah hadiahkan untukmu. Dirawat yang baik, ya.” Simbah melipat kain jarik lalu memberikannya padaku.

Wah, aku senang sekali dapat hadiah ini. Apalagi, perkataan Simbah sepertinya benar. Badanku sekarang sudah agak enak setelah memakai selimut jarik.



Jarik paringane Simbah iki dadi barang kasenenganku.

Kaya piwelingne Simbah, jarik iki kudu dakrawat kanthi tenanan. Ora dikumbah nganggo sabun, nanging nganggo lerak. Menawa teles, cukup diangin-anginake.

Nanging, dina iki nalika mulih saka dolan, aku ora weruh jarik kasenenganku. Kamangka, mau bengi dakkeloni, banjur esuk daklempit rapi. Ing lemari uga ora ana.

Aku takon Ibu, nanging Ibu ora pirsane. Hmm ... nengdi jarikku, ya?

Jarik pemberian Simbah jadi barang kesayanganku.

Seperti nasihat Simbah, jarik ini benar-benar aku rawat. Tidak dicuci dengan sabun deterjen, tetapi dengan lerak. Jika basah, jarik cukup diangin-anginakan saja.

Namun, hari ini sepulang bermain, aku tidak melihat jarikku. Padahal tadi malam aku peluk lalu paginya aku lipat rapi. Di lemari juga tidak ada.

Aku bertanya pada Ibu, tetapi Ibu juga tidak tahu. Hmm ... di mana jarikku, ya?

Langit wis kuning nalika Mbak Witri mulih saka sanggar. Mbak Witri mlebu omah karo jogedan.

“Lo, kuwi rak jarikku?” pitakonku.

“Iya, mau aku nyilih.” Mbak Witri mesem.

“Nyilih? Kok aku ora ngerti,” sumaurku.

“Nyilih jarike, ya, Dhik.” Mbak Witri nyiwel pipiku. “Iki, lo, dakbalekake.”

Langit sudah menguning ketika Mbak Witri pulang dari sanggar. Mbak Witri masuk rumah sambil menari.

“Lo, itu, kan, jarikku?” tanyaku.

“Iya, tadi aku pinjam.” Mbak Witri tersenyum.

“Pinjam? Kok, aku tidak tahu,” sahutku.

“Pinjam jariknya, ya, Dik,” Mbak Witri mencubit pipiku. “Ini, lo, aku kembalikan.”

“Aja waton nyilih. Iki jarik kasenenganku.” Aku ngedumel. “Jarik iki mung dienggo yen lara.”

“Alaaah, aku mung nyilih sedhela. Soale, dina iki latihan nari karo jarikan. Jarike isih wutuh iki, lo. Ora suwek, ora reged.” Mbak Witri mesam-mesem.

Uuuh, aku mangkel karo Mbak Witri. Aku ora seneng barang kasenenganku dienggo wong liya.

“Aja njegadul, ta, adhiku *sayang!*” celathune Mbak Witri.

Aku banjur mlebu kamar karo ati isih mangkel.

“Jangan asal pinjam. Ini jarik kesayanganku,” gerutuku. “Jarik ini hanya dipakai saat sakit.”

“*Halah*, cuma pinjam sebentar karena hari ini latihan menari dengan memakai jarik. Jariknya masih utuh, nih. Enggak sobek, enggak kotor.” Mbak Witri senyum-senyum.

Uuuh, aku jengkel pada Mbak Witri. Aku tidak senang kalau barang kesayanganku dipakai orang lain.

“Jangan cemberut, dong, adikku tersayang,” komentar Mbak Witri.

Aku masuk kamar dengan hati kesal.

Dina Minggu, Mbak Witri diterake Ibu ing panggonan lomba tari.

“Dongakake Mbak Witri menang lomba tari, ya! Yen entuk sembulih, dakbagehi.” Mbak Witri njangkah lenggak-lenggok karo jinjit.

“Halah, tenane?” semaurku karo maem kipa sing dipundhut Ibu saka pasar.

Hari Minggu, Mbak Witri diantar Ibu ke tempat lomba tari.

“Doakan Mbak Witri menang lomba, ya. Kalau dapat hadiah, nanti aku bagi.” Mbak Witri meliuk-liukkan badan dengan kaki berjinjit.

“Ah, yang benar?” kataku sambil mengunyah kipo yang dibeli Ibu dari pasar.

Aku menunggu Mbak Witri dan Ibu di rumah.

Rada sore, Ibu lan Mbak Witri lagi bali. Mbak Witri katon lemes ora kaya padatan.

Aku ora wani takon. Ibu uga mendel wae.

Mbak Witri banjur mlebu kamar, ora omong apa-apa.

“Mbak Witri mboten juara, Bu?” pitakonku.

Ibu mung manthuk. “Mbakmu aja diganggu, ben leren dhisik.”

Menjelang sore, Ibu dan Mbak Witri baru pulang. Mbak Witri terlihat lemas tidak seperti biasanya.

Aku tidak berani bertanya. Ibu juga diam saja. Mbak Witri masuk kamar tanpa bicara apa-apa.

“Mbak Witri nggak dapat juara, Bu?” tanyaku.

Ibu hanya mengangguk. “Kakakmu jangan diganggu, biar istirahat dulu.”

Wanci bengi, omah sepi. Ibu ngasta baskom lan andhuk mlebu kamar Mbak Witri. Mbak Witri teturon ing dhipan. Rambute awut-awutan lan raine pucet.

“Mbak Witri kening napa, Bu?” pitakonku.

“Kayane masuk angin,” ngendikane Ibu. “Tulung jaganen mbakmu sedhela, ya! Mengko yen komprese wis adhem, dicelupake baskom iki, banjur dikompresake maneh.”

Saat malam rumah sepi. Ibu masuk kamar Mbak Witri sambil membawa baskom dan handuk. Mbak Witri berbaring di kasur. Rambutnya berantakan dan wajahnya pucat.

“Mbak Witri kenapa, Bu?” tanyaku.

“Sepertinya masuk angin,” kata Ibu. “Tolong kamu jaga sebentar, ya. Nanti kalau kompresnya sudah dingin, dicelupkan baskom ini lalu dikompreskan lagi.”

“Ibu badhe tindhak pundi?” pitakonku gumun. Kenapa Ibu malah arep tindak?

“Ibu golek tamba dhisik,” ngendhikane Ibu.

“Kula mboten purun obat,” Mbak Witri cluluk, mripate tetep merem.

Ibu ngelus siraha Mbak Witri, banjur metu saka kamar.

“Ibu tinggal sedhela, ya!”

Wadhuh, awake Mbak Witri pancen panas banget. Mbak Witri katon melas yen ngene iki. Aku mbenakake kemule, nanging malah disemplak Mbak Witri. “Panas,” sambate alon.

“Ibu mau pergi ke mana?” tanyaku heran. Kenapa Ibu malah mau pergi?

“Ibu mencari obat dulu,” jawab Ibu.

“Aku enggak mau obat,” sahut Mbak Witri pelan dengan mata tertutup.

Ibu membelai kepala Mbak Witri lalu keluar dari kamar.

“Ibu tinggal sebentar, ya.”

Aduh, badan Mbak Witri memang sangat panas. Kalau begini Mbak Witri tampak memelas. Aku memperbaiki selimut Mbak Witri, tetapi ditolak.

“Panas,” keluhnya pelan.

Aku dadi eling jarik kasenenganku. Aku age-age njupuk ing kamar. Aku ngemuli Mbak Witri nganggo jarikku. Wah, Mbak Witri ora nolak.

“Cepet mari, ya, Mbak! Aja sedhik kalah lomba nari. Sukmben genti Mbak Witri sing menang,” panglipurku sinambi ngganti komprese Mbak Witri.

Mbak Witri nyuwara, nanging ora cetha. Luh netes saka pojok mripate.

Aku jadi ingat jarik kesayanganku. Aku segera mengambil dari kamarku. Aku menyelimuti Mbak Witri dengan jarikku. Wah, Mbak Witri tidak menolak.

“Cepat sembuh, ya, Mbak. Jangan sedih kalah lomba tari. Lain kali gantian Mbak Witri yang menang.” Aku berusaha menghibur Mbak Witri sambil mengganti kompresnya.

Mbak Witri mengeluarkan suara, tetapi tidak jelas. Air mata menetes dari sudut matanya.



Aku khawatir dan bingung menjaga Mbak Witri. Tujun ora suwe Ibu kondur.

Nanging, kenapa Ibu malah ngasta godhong-godhongan.

“Ibu badhe masak punapa?” pitakonku gumun.

“Ora masak. Iki godhong dhadhap srep kanggo tamba.” Ibu nyepakake mangkok sing diisi banyu. Ibu banjur meres jeruk pecel lan godhong dhadhap srep ing mangkok kuwi. Remesan godhong dhadhap srep karo jeruk dikompresake neng bathuk lan wetenge Mbak Witri.

Aku khawatir dan bingung menjaga Mbak Witri. Untung Ibu segera pulang.

Namun, kenapa Ibu membawa daun-daun.

“Ibu mau masak apa?” tanyaku heran.

“Enggak masak. Ini daun dhadhap serep buat obat.” Ibu menyiapkan mangkuk berisi air. Ibu lalu memeras jeruk nipis dan daun dhadhap serep di mangkuk itu. Remasan daun dan jeruk dikompreskan di dahi dan perut Mbak Witri.

Mbak Witri turu karo nglindur alon. Suwe-suwe Mbak Witri turu angler. Ibu mlebu metu niliki kahanane Mbak Witri.

Aku melu njaga Mbak Witri karo maca buku. Kadhankala, aku mbenerake kemul jarik Mbak Witri sing mlorot. Muga-muga Mbak Witri gelis mari. Mbiyen aku uga gelis mari dikemuli jarik iki.

Mbak Witri tidur sambil mengigau pelan. Lama-kelamaan Mbak Witri tidur lelap. Ibu keluar masuk melihat kondisi Mbak Witri.

Aku ikut menjaga Mbak Witri sambil membaca buku. Sesekali aku memperbaiki selimut jarik yang melorot. Semoga Mbak Witri segera sembuh. Dulu aku juga cepat sembuh diselimuti jarik ini.

Akutangi gregah amarga krungu swara piring lan sendhok. “Lo, aku keturon neng kene, ya?” jebul wis esuk.

“Lha iya. Jare njaga aku, malah turu angler,” saure Mbak Witri karo mesem.

Katone Mbak Witri wis mari. Saiki wis lungguh karo maem samangkok bubur panas.

“Gelem?” Mbak Witri nawakake bubure.

Aku gedheg. “Wis ora sedhik maneh, ta, Mbak?”

Aku terbangun karena mendengar suara piring dan sendok. “Lo, aku ketiduran di sini, ya?” Ternyata hari sudah pagi.

“Katanya menjaga aku, kok, malah tidur nyenyak,” komentar Mbak Witri sambil tersenyum.

Sepertinya Mbak Witri sudah sehat. Sekarang dia duduk sambil menyantap semangkok bubur panas.

“Mau?” tawar Mbak Witri.

Aku menggeleng. “Sudah enggak sedih lagi, kan, Mbak?”

Mbak Witri mung mesem. “Kok, kowe ngemuli aku nganggo jarik iki?”

Aku ganti mesem karo kukur-kukur sirah sing ora gatal. “Wektu aku lara panas, Simbah ngemuli aku nganggo jarik iki. Aku banjur mari.”

“Adhiku iki jebul tresna tenankarombake,” godhane Mbak Witri karo ngedhèp-ngedhepake mripat.

Aku menjep. “Banjur mung ngono wae? Ora matur nuwun?”

Mbak Witri hanya tersenyum. “Kok, kamu nyelimuti aku pakai jarik kesayanganmu?”

Aku ganti tersenyum sambil menggaruk kepala. “Soalnya waktu aku sakit panas, Simbah nyelimuti aku dengan jarik ini. Aku lalu sembuh.”

“Adikku ini ternyata sayang sekali sama kakaknya,” goda Mbak Witri sambil mengedip-ngedipkan mata.

Aku mencebik. “Terus cuma begitu? Tidak bilang terimakasih?”

Ya wis, matur nuwun adhiku *tersayang*,” saure Mbak Witri karo ngguyu. “Saiki kemule kanggo aku wae, ya!”

“Woo, ora bisa!” Aku nyaut jarik sing nutupi sikile Mbak Witri.

Mbak Witri ngguyu kepingkel. “Aja cethil! Kowe, rak, bisa nyuwun Simbah maneh.”

“Nyuwuna dhewe wae!” wangsulanku karo ndhekep jarik metu saka kamar. Ya, mesthi Simbah ora bakal maringi ngono wae. Kudu gelem ajar mbathik dhisik. Mesthi wae, Mbak Witri ora bakal gelem.

“Ya, deh, terima kasih adikku *tersayang*,” kata Mbak Witri sambil tertawa. “Sekarang selimutnya buatku saja, ya.”

“Wooo, tidak bisa!” Aku menarik jarik yang menutupi kaki Mbak Witri.

Mbak Witri tertawa. “Jangan pelit. Kamu, kan, bisa minta ke Simbah lagi.”

“Minta saja sendiri.” Aku mendekap jarik. Pasti Simbah tidak akan memberi begitu saja. Mbak Witri harus mau belajar membatik dulu. Tentu saja Mbak Witri tidak akan mau.



Biodata

Penulis :

Saptorini saat ini tinggal di Perum Tiara Ardi, Jl Melati 1 No 3, Purbayan, Kec. Baki, Kab. Sukoharjo. Ia dapat dihubungi melalui posel saptorini.07@gmail.com.

Ilustrator :

Banuarli Ambardi, lahir 19 Maret 1954, komikus sekaligus ilustrator. Karya-karya ilustrasinya banyak menghiasi media baik media bahasa Jawa maupun media bahasa Indonesia. Ilustrasi media bahasa Jawa antara lain, Majalah Djaka Lodang, Mekar Sari, tabloid Jawa Anyar, Nila Kandhi, Pagagan, Sempulur dan Mentaok. Ilustrasi dalam media berbahasa Indonesia antara lain, Sinar Harapan, Bobo, Gatutkaca, Wawasan, Harian Yogya, Putra Kita, Ceria. Sedang untuk karya komik, sudah lumayan banyak buku komik yang diterbitkan dengan penerbit-penerbit yang berbeda. Antara lain, Satra Kumala (serial Super Hero Indonesia, dengan tokoh Herbintang), Maranatha (serial Superhero Indonesia, dengan tokoh Utara), Classic Comic Malaysia (Seri Kisah Benar, menampilkan tokoh-tokoh pahlawan Sejarah Islam), Harian Yogya (Megantara, Serial Superhero Indonesia). Dan lain-lain

Penyunting :

Mulyanto merupakan pengelola Jurnal Kebahasaan dan Kesastraan Widyaparwa sejak tahun 2016 hingga saat ini. Tugas-tugasnya dalam pengelolaan majalah ilmiah yakni sebagai editor (editor bagian, penyunting, penata letak, dan penyelaras akhir), sempat juga membuat beberapa karya tulis. Sejak tahun 2007 ia juga menjadi penyuluh bahasa di wilayah tempat kerjanya. Saat ini ia memiliki tugas utama sebagai pengelola Uji Kemahiran Berbahasa Indonesia (UKBI) di wilayah Daerah Istimewa Yogyakarta dengan melakukan sosialisasi, pendampingan, pengawasan, dan penilaian tes. Bagi sahabat yang ingin berkomunikasi secara personal dapat menghubungi posel mulyanto.ms@gmail.com. Bagi sahabat yang ingin mengikuti tes UKBI dapat membuka laman ukbi.kemdikbud.go.id.







**MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN**

Runa punya selimut dari jarik batik motif tambal. Jarik itu hadiah dari Simbah karena Runa mau belajar membuat. Saat sakit, Simbah menyelimuti Runa dengan jarik itu. Runa pun lalu sembuh. Kata Simbah, jarik batik motif tambal memang biasa dipakai untuk selimut orang yang sakit.

Jarik batik tambal jadi selimut kesayangan Runa. Karena sangat sayangnya, tak ada orang lain yang boleh memakainya. Karena itulah, Runa marah ketika Mbak Witri memakai jarik tersebut.

Suatu hari Mbak Witri sakit demam. Runa ingat jarik kesayangannya. Namun, Runa masih jengkel dengan Mbak Witri. Apakah Runa mau meminjamkan jarik kesayangannya untuk Mbak Witri?



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023